ISSN 2311 - 6854

НАУКОН-МЕТОДИКОН ЖУРНАЛ

# Рухстауæг



1
(2015)

ЦӔГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ӔМӔ НАУКӔЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНӔДТӔ УӔЛДӔРГӔНӔН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# РУХСТАУӔГ

## 1 (2015)

Дзæуджыхъæу 2015

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

## Журналы редакци:

***Сæйраг редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ.***

Журналы æддаг цъарыл – Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг Уалыты Илонæ, Цæгæт Кавказы адæмты мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты конкурсы архайæг

© СО РИПКРО, 2015
©ИПК «Литера», 2015

# НОМЫРЫ ИС:

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ

**2015-ÆМ АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ ... 8**

Уалыты Илонæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-ÆМ КЪЛАСЫ ... 11**

Боциты Зæринæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ ... 16**

Æлбегаты Ларисæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ ... 18**

Хуымарты Светланæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ ... 21**

**ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ФЕМБÆЛД ДАГЕСТАНЫ ЗÆХХЫЛ ... 24**

## КУСÆМ НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТМÆ ГÆСГÆ

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆ НОГ УАВÆРТЫ АМОНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ. ... 28**

**КЪÆЛИНДАРОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН ИРОН ÆВЗАГÆЙ 5-ÆМ КЪЛАСÆН ... 35**

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

Куыдзойты Анжелæ
**НЫХАСЫ КУЛЬТУРÆ ÆМÆ ДЗЫЛЛОН КОММУНИКАЦИТЫ ФÆРÆЗТÆ ... 41**

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ЛИТЕРАТУРОН ТЕМÆЙЫЛ ФЫСТ СОЧИНЕНИ ... 45**

Дзампаты Ларисæ
**РАЙДАЙÆН КЪЛÆСТЫ КÆСЫНЫ ЧИНГУЫТЫ АРÆЗТ ... 51**

Куыдзойты Анжелæ, Мзокты Лианæ
**ÆППÆРЦЦÆГ МИНИУÆГ ÆВДИСЫНЫ ЛЕКСИКОН-ФРАЗЕОЛОГИОН МАДЗÆЛТТÆ ... 55**

## АХУЫРГӔНӔДЖЫ СФӔЛДЫСТАДӔЙ

Томайты Ритæ, Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг ........................................................ 60

## ФӔЛТӔРДДЗИНАД... БАФӔЗМ ӔЙ

Химилонты-Гобеты Азæ, Цыколайы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг......................................................61

## СЕМИНАРТӔ ӔМӔ ГОМ УРОКТӔ

Хуыдæлты Ларисæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙЫ УРОК 7-ӔМ КЪЛАСЫ .................................................................... 78**

Гæззаты Татьянæ
**ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 4-ӔМ КЪЛАСЫ ..................................................................................... 81**

Бигъаты Светланæ
**ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 1-ӔМ КЪЛАСЫ ..................................................................................... 84**

## ИРОН ӔВЗАГ РАЙДАЙӔН СКЪОЛАЙЫ

Дзампаты Ларисæ
**ТЕСТЫТӔ 2-АГ КЪЛАСЫ КӔСЫНЫ ЧИНЫГМӔ................................................................. 88**

Гадзиаты Светланæ
**СЫРДОН ӔМӔ САТАНАЙЫ БАЛЦ НЫРЫККОН ИРМӔ ..................................................... 94**

## ИРОН ӔВЗАГ РӔВДАУӔНДОНЫ

Кцойты Зæлинæ
**РӔВДАУӔНДОНЫ ХЪОМЫЛГӔНИНӔГТЫ ИРОН ӔВЗАГЫЛ ДЗУРЫНМӔ РАЗӔНГАРД КӔНЫНЫ МАДЗӔЛТТӔ .......................................................................................................... 97**

## ФӔСУРОКТЫ КУЫСТ ИРОН ӔВЗАГӔЙ

Къæлхидты Эльвирæ
**ПЛИТЫ ИССӔ – ИРЫ БАЛХОНӔГ ХЪӔБАТЫР ........................................................................ 102**

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

Лохты Ритæ
**ТЕСТЫТÆ 11 КЪЛАСЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ.............................................................. 108**

**АЛЫХУЫЗОН ÆВЗÆРСТЫ СХЕМÆТÆ.......................................................................... 117**

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ НЫХАСЫ-ТЕМАТИКОН УРОК «ЦАРД» БАЦÆТТÆ КÆНЫНÆН ............................................................................................................ 120**

Хадаты Эльвирæ
**ДЗЫРДУАТОН КУЫСТЫ МАДЗÆЛТТÆЙ ИУЫ ТЫХХÆЙ ............................................... 123**

## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!



*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институт стыр æргом здахы уæ куыстмæ. Фæнды нæ, цæмæй уæ урокты пайда кæнат ахадгæдæр куысты хуызтæй, хорз зонгæ уат, ахуырады ивддзинæдтимæ.*

*Афæдзы хуыздæр ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг сбæрæг кæныны фæдыл нæ институт алы аз дæр расиды профессионалон конкурс. Конкурсы фæархайынц ахуыргæнджытæ республикæйы алы районтæй æмæ Дзæуджыхъæуæй. Тынг нæ фæнды, цæмæй ацы конкурсы уæ хуыздæртæ архайой. Уадз, æмæ конкурс суа, ирон методикæйы раппæлинагдæр æмæ бафæзминагдæр цы ис, уый æвдисæн.*

*Мах тынг зæрдиагæй бацин кæнæм уæ алы æнтыстыл дæр. Æхсызгон нын у, регионалон æмæ æппæтуæрæсеон конкурстæй уæлахиздзаутæй кæй здæхут, уый. Æвæццæгæн, уым мах чысыл æвæрæн дæр ис. Ацы хъуыддаджы кæддæриддæр уæ фарсмæ уыдзыстæм.*

*Бæрнон, фæлæ уымæ кадджын у мадæлон æвзаджы ахуыргæнæджы куыст. Стыр хъуыддаг æххæст кæнут сымах – рæзгæ фæлтæрмæ хæццæ кæнут фыдæлты хæзнатæ: æвзаджы хъæздыгдзинæдтæ, адæмон сфæлдыстад, ирон литературæйы хуыздæр уацмыстæ, ахадгæ у уæ хъомыладон куыст дæр.*

*Уырны нæ, уæ профессионалон рæзты уын хорз æххуыс кæй у журнал «Рухстауæг» дæр. Журнал баиу кодта республикæйы ирон ахуырады зиуæтты, фæндаг скодта ахуыргæндтæй ахуыргæнджытæм, æмæ уый дæр арфæйы хъуыддаг у.*

*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***



*Бонрæфты цы хъæумæ бахæццæ стæм, уым иу хæдзары тыхтæ-фыдтæй иронау дзурыныл куы афæлвæрдтон, уæд бинонтæм уый ахæм диссаг фæкаст, æмæ ма суанг хæдзары 'фсин дæр йæхи нал баурæдта, мæ фарсмæ æрбадт æмæ мемæ, æцæгæлон адæймагимæ, ныхæстыл схæцыд.*

А. Шегрен

*Ирæттæ тынг цымыдисаг сты лингвист æмæ этнографæн: фыццаг сын се 'взаджы ссардзæн индоевропæйаг æвзæгты ирайнаг къорды æнæгуырысхойаг миниуджытæ; дыккагмæ диссаг фæкæсдзæн, ирæттæ, нæхи индоевропæйаг адæм уæвгæйæ, кавказы хохы цъассыты, æвзагæй æмæ сæ равзæрдæй сын æцæгæлон чи у, уыцы адæмты 'хсæн цæргæйæ сæ рагон хæдхуыз æууæлтæ æмæ цардыуаг кæй бахъахъхъæдтой, уый.*

В. Миллер

*Ирон æвзаг рагæй фæстæмæ нымад у ирайнаг æвзæгтæй иуыл. Ныртæккæ йæм сæ хъус уæлдай тынгдæр кæй дарынц, уымæн бирæ æфсæнттæ ис. Уый у скифты æвзаджы ахъаззагдæр хуызтæй иу. Согдаг, хотайнаг æмæ хорезмаг фыстытæ райхалыныл куыст куы рапарахат, уæд ирон æвзаг дæр рохуаты æбæрæг фæлмæй разынд. Иумæйаг ирайнаг дуне иртасгæйæ, ирон æвзаг ахуыргæндтæн стыр хæрзты бацыд: йемæ 'рбахаста цардæгас комулæфт – йæ лексикæ у хъæздыг, иуцасдæр консервативон, йæ фонетикæ та, иуæй-иу æвзæгтæй уæлдай, баззад æнæхъыгдардæй.*

Э. Бенвенист